

## DEMAND POU EKSEPSYON KI BAZE SOU ANDIKAP POU ELÈV KI GEN ANDIKAP PA FÈ TÈS COVID-19 NAN LEKÒL LA

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYC DOE), avèk NYC Health + Hospitals ak Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk, kolabore avèk laboratwa ak lòt founisè pou teste elèv, pwofesè, ak manm pèsonèl NYC DOE pou enfeksyon COVID-19.

**Paran oswa responsab:** Si pitit ou a gen yon Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP) epi andikap ki dokimante nan IEP a gen enpak dirèk sou abilitè li pou fè tès COVID-19 nan lekòl la, ou ka mande yon eksepsyon pou pwogram tès COVID-19 y ap fè pou gwoup moun yo chwazi oaza nan lekòl la. Tanpri, dekri rezon espesifik ou genyen pi ba epi remèt fòm sa a lè ou fin ranpli li bay direktè lekòl pitit ou a, oswa reprezantan li. Ou ka mete ladan enfòmasyon anplis, ak dokiman sipò ou panse yo ta dwe konsidere pandan y ap revize demann eksepsyon ou an - byenke ou pa oblije fè sa. Y ap evalye tout demand, men se pa tout y ap apwouve; se sèlman kondisyon ki gen enpak dirèk sou abilitè pitit ou a pou fè tès la k ap valab pou yo apwouve yon eksepsyon.

**Tanpri sonje:** Lè yo apwouve yon demand akòz yon andikap, sa bay yon elèv eksepsyon pou pa fè tès nan lekòl la, men elèv ki gen eksepsyon yo toujou dwe fè tès la andeyò lekòl kanmèm. Si yo chwazi yon elèv pou fè tès nan lekòl la, men li gen yon eksepsyon akòz andikap ki apwouve nan dosye li, yo atann pou elèv la fè tès la andeyò lekòl la (pa egzanp, ka doktè elèv la, nan yon lokal NYC Health + Hospitals, etc.) nan espas sèt jou avi a. Yo atann tou pou elèv ki gen eksepsyon yo pote rezilta tès yo nan lekòl la lè yo fin fè l. Si w bezwen èd pou fè aranjman pou yon tès, tanpri gade [nyc.gov/covidtest](https://nyc.gov/covidtest) ak [schools.nyc.gov/covidtesting](https://schools.nyc.gov/covidtesting).

### Enfòmasyon sou timoun/elèv la

Non: \_\_\_\_\_ Nimewo OSIS/ID lekòl: \_\_\_\_\_ Dat nesans: \_\_\_\_\_

### Enfòmasyon sou paran/responsab

Non: \_\_\_\_\_ Imèl: \_\_\_\_\_ Nimewo telefòn: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Pi bon fason pou nou kontakte w:  Telefòn  Imèl

### Rezon pou demand ki baze sou andikap la:

Tanpri dekri poukisa elèv la pa ka fè tès COVID-19 nan lekòl la akòz nati andikap li genyen an ki sou dokiman:

### To Be Completed by School Psychologist

(Se sikològ lekòl la k ap ranpli pati sa a)

ACTION:  Approved  Denied

School Psychologist: \_\_\_\_\_ Date: \_\_\_\_\_